Pou Piblikasyon Imedya: 01/07/2025 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL MANDE DPS POU PWOTEJE KONSOMATÈ YO KONT OGMANTASYON TARIF NYSEG AK RG&E YO PWOPOZE YO

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a l ap mande Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service) la pou egzamine ogmantasyon tarif pwopoze ke New York State Electric and Gas (NYSEG) ak Rochester Gas and Electric Corporation (RG&E) ap chèche a, pou pwoteje konsomatè yo kont pri sèvis piblik ki wo anpil ki fè Eta Nouyòk mwens abòdab.

"Nan yon moman kote Nouyòkè yo gen difikilte pou yo peye depans chak jou yo, New York State Electric and Gas (NYSEG) ak Rochester Gas and Electric Corporation (RG&E) dwe jwenn yon fason pou evite ogmantasyon tarif sa yo ki twò wo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "M ap mande Depatman Sèvis Piblik la pou l egzamine pwopozisyon sa yo pou asire konpayi sa yo gen resous pou kenbe rezo enèji nou an ap fonksyone san yo p ap fè pwofi anplis sou do moun k ap peye tarif yo."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU